

Avi Piblik

AVI VANT PA GREFYE

AVI SA A BAY dapre seksyon 31-82(r)(5) kòd Konte Miami-Dade la, Depatman Transpò ak Travo Piblik va vann, sou entènèt ozanchè pou pi wo ak meyè òf lajankontan **9:00 AM nan dat 3 jen 2019** nan www.miamidade.realforeclose.com, pwopriyete ki dekri pi ba yo:

- a) Tout medayon taxicab, tout lisans taxicab, ak reprezantan lisans yo ki gen ladan yo san limitasyon, Nimewo medayon lokasyon Konte Miami-Dade ki nan men detantè yo oswa detantè yo gen dwa sou yo epi ap itilize oswa itil ak biznis detantè a;

No. Medayon	Pwopriyetè Medayon	Tip Medayon
134.TX	De Las Matas, Isabel Regular	Regilye
1734.TX	De Las Matas, Isabel Regular	Regilye
3445.TX	Durosier, Xavier	Regilye
4017.TX	Fanfan, Kenold	Aksesib pou Chèz woulant
3516.TX	Jerome, Herve	Aksesib pou Chèz woulant
1038.TX	Grimalde, Joanne	Regilye
3436.TX	Peled, Nathan	Aksesib pou Chèz woulant
3435.TX	Salazar, Gonzalo	Aksesib pou Chèz woulant
184.TX	Nest Taxi, Inc.	Regilye
3109.TX	Nest Taxi, Inc.	Regilye

- b) Tout sibstitisyon, tout sa ki ajoute ak tout pwodwi pwopriyete nou mansyone pi wo yo ki dekri nan paragraph a) sou nenpòt ki fòm (gen ladan san limitasyon, tout pwodwi asirans) (aprè "kolateral")

Seksyon 31-82(r)(5)(i) bay ke "Enterè yon pwopriyetè nan lisans lokasyon taxicab kapab revoke dapre seksyon 31-91. Sou yon òd final revokasyon kote tout pwosedi apèl, si genyen, te fini, grefye nan Tribunal Sikwi Konte Miami-Dade va vann lisans la ozanchè pou pi wo ak meyè òf ki va peye montan ak chèk kès nan espas 7 jou apati lè vant la te fèt la. Sa ki soti nan vant lisans sa yo, apre dediksyon depans vant la ak tout frè Konte Miami-Dadeki gen ladan yo, men ke pa limite a, frè avoka, yo va peye dabò detantè privilej la/yo nan lòd dat anrejistreman ak balans, si genyen, yo va peye moun ki gen enterè nan lisans lokasyon ki revoke a, oswa Konte a lè yo paka jwenn moun an.

An konsekans, kapab gen lòt chaj (ijiman oswa privilej) ki siviv apre vant la. Moun ki genyen nan vant ozanchè a gen dwa pwopriyete a sou rezèv tout defo, privilej, chaj ak zafè li genyen oswa li kapab aprann. Se responsabilite moun ki fè òf nan vant ozanchè a pou fè tout rechèch kosènan pwopriyete a, tankou valè li, defo tit li, privilej ak lòt chaj. Biwo Grefye a pa garanti tit klè epi li pa responsan okenn chaj sou pwopriyete yo achte nan vant ozanchè a.

Li obligatwa pou enskri sou entènèt davans osi byen ke yon depo senk pouzan pi gwo òf yo estime a anvan vant ozanchè sou entènèt la. Vizite www.miamidade.gov/transit epi klike sou "Taxicab License."